

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN


Dina ieu bab dipedar: (1) desain panalungtikan, (2) sumber data, (3) instrumén panalungtikan, (4) téhnik ngumpulkeun data, jeung (5) prosédur ngolah data.

3.1 Desain Panalungtikan

Pamarekan nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta pamarekan kuantitatif, sabab data dina ieu panalungtikan nya éta data anu mangrupa skor kamampuh éféktip maca jeung skor kamampuh nulis pangalaman pribadi.

Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptip korélasional. Déskriptip korélasional miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun hubungan antara dua variabel atawa leuwih, tanpa ayana parobahan, tambahan atawa manipulasi kana data nu geus aya. Variabel nu dikorélasikeunana, nya éta kamampuh KÉM (X) jeung kamampuh nulis pangalaman pribadi (Y).

Ditilik tina pamarekan jeung métode panalungtikan di luhur, desain nu digunakeun dina ieu panalungtikan saperti ieu di handap.



Sugiyono (1994: 28)

Bagan 3.1
DESAIN PANALUNGTIKAN

3.2 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan kabagi dua, nya éta (1) populasi, jeung (2) sampel.

3.2.1 Populasi

Anu jadi populasi dina ieu panalungtikan nya éta kamampuh éféktif maca jeung kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII SMP Negeri 10 Bandung Taun Ajaran 2016-2017 anu jumlahna 363 siswa kabagi jadi 10 kelas ti mimiti kelas VII A nepi ka kelas VII J.

Dumasar kana éta populasi, karakteristik siswa kelas VII bisa katitén ieu di handap.

Tabél 3.1

JUMLAH SISWA KELAS VII SMP NEGERI 10 BANDUNG

Kelas	Jumlah Siswa		Jumlah Keseluruhan Siswa
	Lalaki	Awéwé	
VII A	20	16	36
VII B	20	16	36
VII C	20	16	36
VII D	19	18	37
VII E	17	19	36
VII F	18	18	36
VII G	18	18	36
VII H	20	17	37
VII I	16	21	37
VII J	23	13	36
Jumlah	191	172	363

3.2.2 Sampel

Sampél nya éta sabagian tina populasi nu rék ditalungtik. Nilik tina populasi di luhur yén sampel dina ieu panalungtikan make sistem *random sampling* atawa sampel acak, sabab sarua karakteristikna nya éta hiji tingkatan (kelas VII), guru nu ngajarna sarua, kurikulum jeung bahan ajar ogé sarua.

Ridwan Sidiq, 2017

KORÉLASI ANTARA KAMAMPUH MACA JEUNG KAMAMPUH NULIS PANGALAMAN PRIBADI SISWA KELAS VII SMP NEGERI 10 BANDUNG PIKEUN NGARONJATKEUN BUDAYA LITERASI SUNDA TAUN AJARAN 2016/2017

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dumasar kana pamadegan di luhur, cara meunangkeun sampel éta ku cara di undi. Kertas meunang nyoékeun ditulisan ti mimiti kelas VII A nepi ka VII J, satuluyna éta kertas digulung sarta diasupkeun kana paranti ngundina, tuluy di undi nepi kahiji kertas kaluar. Kertas anu kaluar nya éta kelas VII I, jadi nu jadi sampel dina ieu panalungtikan nya éta kelas VII I anu jumlahna 37 urang. bisa katitén saperti ieu di handap.

Tabél 3.2

JUMLAH SAMPEL SISWA KELAS VII I SMP NEGERI 10 BANDUNG

Kelas	Jumlah Siswa		Jumlah Keseluruhan Siswa
	Lalaki	Awéwé	
VII I	16	21	37

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén nu dipaké dina ieu panalungtikan aya dua nya éta instrumén tés KÉM jeung tés kamampuh nulis pangalaman pribadi.

1) Tés KÉM

Tés KÉM dipaké pikeun ngajaring data dina maca éféktip siswa kelas VII I SMP Negeri 10 Bandung. Siswa dititah maca kalawan diukur waktuna, satuluyna siswa dibéré patalékan ngeunaan naon waé nu geus dibaca tina éta tulisan. Téks bacaan KÉM diuji keterbacaanana ka siswa saluareun nu rék ditalungtik.

Uji keterbacaan téks bisa dilakukeun ngaliwatan uji téks rumpang. Nurutkeun Jhon Haskall dina Hardjasujana jeung Mulyati (1996, kc.146) yén dina kritéria nyieun wacana rumpang saperti ieu di handap.

- a) milih hiji téks nu panjangna kurang leuwih 250 kecap;
- b) paragraf kahiji jeung nu ahir diantepkeun sacara utuh;
- c) ngaleungitkeun téks dimimitian dina paragraf kadua, nya éta dina unggal kecap kalima atawa katujuh. Ngosongkeunana ku cara méré garis handap nu panjangna sarua;
- d) lamun kecap kalima nya éta kecap bilangan, saterusna dilakukeun dina kecap kalima salanjutna.

Cara napsirkeun tingkatan pamahaman maca dina uji tés rumpang kabagi tilu tingkatan, ieu hal didadarkeun ku Earl F. Rankin jeung Jodseph W. Culhane. Nurutkeun Earl F. Rankin jeung Joseph W. Culhane dina Hardjasujana jeung Mulyati (1996:149-150) netepkeun hasil interprétasi hasil uji rumpang saperti ieu di handap.

- a) pamaca aya dina tingkat independen atawa bébas lamun préséntase skor tés uji rumpang nu dimeunangkeun $\geq 60\%$;
- b) pamaca aya dina tingkat intruksional lamun préséntase skor tés uji rumpang nu dimeunangkeun 41% - 60%;
- c) pamaca aya dina tingkat frustrasi atawa gagal lamun préséntase skor tés uji rumpang nu dimeunangkeun $\leq 40\%$.

Uji katerbacaan téks dina ieu panalungtikan hasilna bisa katitén dina lampiran.

Nu saterusna tés butir soal nu diuji ngaliwatan judgment ahli, nu nyaluyukeun antara instrumén jeung kisi-kisi soal. Instrumén dilampirkeun, kisi-kisi kamampuh KÉM saperti ieu di handap.

Tabél 3.3

KISI-KISI SOAL KAMAMPUH MACA PAMAHAMAN

Aspék Tahapan	Unsur-unsur	Jenjang			
		C1	C2	C3	C4
Literal	Istilah		6,8		14
	Kandaga Kecap		1, 20		9,11,12, 15
	Wangun Kecap		18		4,13, 16,17
Inferensial	Gagasan Utama		2,7		
	Gagasan Penjelas	3			
	Gagasan Pancakaki	5			
Évaluasi	Kritik Téks			10	
Aprésiasi	Kamandang pamaca kana téks				19

Kwalitas instrumén tés KÉM dina nyusun soal aya sababaraha nu diropéa dina kabasaanana jeung kasaluyuan antara kisi-kisi jeung soal nu ditepikeun.

Ridwan Sidiq, 2017

KORÉLASI ANTARA KAMAMPUH MACA JEUNG KAMAMPUH NULIS PANGALAMAN PRIBADI SISWA KELAS VII SMP NEGERI 10 BANDUNG PIKEUN NGARONJATKEUN BUDAYA LITERASI SUNDA TAUN AJARAN 2016/2017

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

b) Tés kamampuh nulis pangalaman pribadi

Tés kamampuh nulis pangalaman pribadi ieu, digunakeun pikeun mikanyaho kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa SMP Negeri 10 Bandung, ngaliwatan tés nulis pangalaman pribadi langsung. Instruména dilampirkeun, kisi-kisi nulis pangalaman pribadi siswa saperti di handap:

Kisi-kisi Kamampuh Nulis Pangalaman Pribadi

- 1) Tema: liburan
- 2) Warna karangan: déskripsi
- 3) Panjang karangan: sakaca
- 4) Cara ngerjakeuna:
 - a) Ngagunakeun tata basa atawa pilihan kecap basa sunda sarta merhatikeun gaya basa atawa adegan kecap.
 - b) Ngagunakeun éjahan nya éta makéna aksara, makéna aksara didieu diwatesanan nya éta nuliskeun vokal, nuliskeun aksara jeung ngalarapkeun tanda baca.
 - c) Eusi karangan, eusi karangan kudu luyu jeung téma nu ditepikeun, kitu deui jeung cara mekarkeunana, kudu luyu jeung warna karangan nya éta déskripsi.
 - d) Organiasasi eusi nu mangrupa ngolah bahan, ngatur, mekarkeun sarta nyusun dina struktur nu logis.

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Pikeun ngumpulkeun data, téknik nu dipaké nya éta téknik tés. Téhnik tés nu dipaké ngawengku téhnik tés kamampuh éféktip maca jeung téhnik tés kamampuh nulis pangalaman pribadi.

3.4.1 Téknik Tés Kamampuh Éféktif Maca

Ridwan Sidiq, 2017

KORÉLASI ANTARA KAMAMPUH MACA JEUNG KAMAMPUH NULIS PANGALAMAN PRIBADI SISWA KELAS VII SMP NEGERI 10 BANDUNG PIKEUN NGARONJATKEUN BUDAYA LITERASI SUNDA TAUN AJARAN 2016/2017

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Téhnik maca dina ieu panalungtikan nya éta ngukur kamampuh maca KÉM siswa sacara langsung. Tés kamampuh maca ieu, unggal siswa dititah maca dumasar kana téma nu geus ditangtukeun.

Aya sababaraha hal anu kudu diperhatikeun, nya éta:

a) Waktu nu disadiakeun

Waktu anu dipilih nya éta waktu anu tangtu atawa dina prosés kagiatan diajar

b) Cara migawé

(1) Unggal siswa maca hiji topik nu geus ditangtukeun

(2) Unggal siswa kudu bisa nyangkem eusi katut harti tina topik nu geus dibaca

(3) Unggal siswa ngajawab sababaraha patalékan sabudeureun topik nu geus dibaca

Ieu kagiatan dilakukeun atawa dipigawé dijero kelas, tujuanana sangkan siswa bisa pokus kana topik anu dibaca

c) Kejelasan intruksi

Kajelasan intruksi ieu mangrupa prasarat pikeun ngarojong kana kalancaran ngumpulkeun data. Ku kituna, diutamakeun méré intruksi sacara lisan. Dimana lamun aya nu teu ngarti pikeun siswa dina patalékan nu ka luar, panalungtik bisa langsung méré gambaran ngeunaan patalékan nu ka luar éta.

d) Ngumpulkeun tés kamampuh maca

Saméméh lembar tés kamampuh maca dina ngeusian soal-soal dikumpulkeun, siswa dititah mariksa deui pagawéanana, bisi aya kasalahan dina ngeusian soalna.

3.4.2 Téhnik Tés Kamampuh Nulis Pangalaman Pribadi

Téhnik tés kamampuh nulis dina ieu panalungtikan nya éta sacara langsung ngétés kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII SMP Negeri 10 Bandung. Tés kamampuh nulis pangalaman pribadi, unggal siswa dititah ngajieun pangalaman pribadi dina wangun karangan déskripsi, dumasar kana pangalamanana.

Ridwan Sidiq, 2017

KORÉLASI ANTARA KAMAMPUH MACA JEUNG KAMAMPUH NULIS PANGALAMAN PRIBADI SISWA KELAS VII SMP NEGERI 10 BANDUNG PIKEUN NGARONJATKEUN BUDAYA LITERASI SUNDA TAUN AJARAN 2016/2017

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Aya sababaraha hal anu kudu diperhatikeun, nya éta:

a) Waktu nu disadiakeun

Waktu anu dipilih nya éta waktu anu tangtu atawa dina prosés kagiatan diajar.

b) Cara migawé

Unggal siswa ngajieun atawa nulis pangalaman pribadi, nu témana bébas.

Dina cara migawéna nulis pangalaman pribadi aya sawatara cara nya éta:

- (1) Cara ngagunakeun éjahan nya éta makéna aksara, makéna aksara didieu diwatesanan nya éta nuliskeun vokal, nuliskeun aksara jeung ngalarapkeun tanda baca.
- (2) Eusi karangan, ngawengku cara mekarkeun eusi karangan, kasaluyuan téma karangan jeung kuantitas eusi.
- (3) Paragraf ngawengku cara mekarkeun paragraf, patalina antara paragraf jeung bagian-bagian eusi sarta susunan paragraf.

Ieu kagiatan dilakukeun atawa dipigawé dijero kelas, tujuanana sangkan siswa bisa pokus kana naon nu rék dicaritakeun dina wangung tinulis.

c) Kejelasan intruksi

Kajelasan intruksi ieu mangrupa prasarat pikeun ngarojong kana kalancaran ngumpulkeun data. Ku kituna, diutamakeun méré intruksi sacara lisan. Dimana lamun aya nu teu ngarti pikeun siswa dina ngarang, panalungtik bisa langsung méré jawaban jeung katerangan, boh sacara umum atawa individual.

d) Ngumpulkeun tés kamampuh nulis

Saméméh lembar tés kamampuh nulis pangalaman pribadi dikumpulkeun, siswa dititah mariksa deui pagawéanana, bisi aya kasalahan dina ngarangna.

3.5 Prosedur Ngolah Data

Prosedur ngolah data ieu mangrupa tahapan pikeun meunangkeun data, dina ieu subbab dipedar ngeunaan (1) ngukur kamampuh éféktip maca, (2) ngukur kamampuh nulis pangalaman pribadi, (3) ngukur korélasi antara kamampuh maca jeung kamampuh nulis.

3.5.1 Ngukur Kamampuh Éféktif Maca

Ridwan Sidiq, 2017

KORÉLASI ANTARA KAMAMPUH MACA JEUNG KAMAMPUH NULIS PANGALAMAN PRIBADI SISWA KELAS VII SMP NEGERI 10 BANDUNG PIKEUN NGARONJATKEUN BUDAYA LITERASI SUNDA TAUN AJARAN 2016/2017

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Cara ngukur kamampuh éféktif maca aya sababaraha cara nya éta (1) ngitung kecepatan macana, (2) ngukur pamahaman eusina, jeung (3) ngitung KÉM-na. Gambaranana saperti ieu di handap.

Nu ka hiji ngukur kecepatan maca: $\frac{\text{jumlah kecap}}{\text{waktu (menit)}} =$

Nu ka dua ngukur pamahaman eusi: $\frac{\text{skor jawaban benar}}{\text{skor jawaban idéal}} \times 100 =$

Satuluyna, diuji kamampuh maca *cepat*: $\frac{\text{jumlah kecap}}{\text{waktu (menit)}} \times \text{pamahaman eusi} =$

Téhnik ngolah data kamampuh KÉM dijieun dina wangun skala peunteun (*rating scale*), saperti ieu di handap.

Tabél 3.4
SKALA PEUNTEUN
(TÉS KÉM)

No	Gancangna Maca	Pamahaman	KÉM	Tapsiran

Anapon, kritéria peunteun KÉM nya éta ieu di handap.

Tabél 3.5
KRITÉRIA PEUNTEUN KÉM

Rata-rata KÉM (dina satuan kpm)	Tapsiran
140 –	luhur pisan
133 – 139	luhur
119 – 132	sedeng
105 – 118	kurang
.... – 104	kurang pisan

Hernawan (2009: 40)

3.5.2 Ngukur Kamampuh Nulis Pangalaman Pribadi

Anu diajén dina tés kamampuh nulis pangalaman pribadi nya éta (1) eusi karangan, (2) organisasi eusi, (3) tata basa, (4) gaya basa, jeung (5) éjahan. Gambaranana saperti ieu di handap.

Tabél 3.6
SKALA PEUNTEUN
TÉS NULIS PANGALAMAN PRIBADI

No Absén :

Wasta :

Kelas :

Jenis Kelamin :

No	Aspék anu di niléy	Skala Peunteun					Skor
		1	2	3	4	5	
1	Eusi Karangan						5
2	Organisasi Eusi						5
3	Tata Basa						5
4	Gaya Basa						5
5	Éjahan						5
Jumlah							25

Keterangan:

1) Eusi Karangan

- Skala Peunteun 5 : eusi karangan geus sampurna pisan.
- Skala peunteun 4 : eusi karangan baca geus sampurna.
- Skala peunteun 3 : eusi karangan baca cukup sampurna
- Skala peunteun 2 : eusi karangan kurang sampurna.
- Skala peunteun 1 : eusi karangan teu sampurna

2) Organisasi Eusi

- Skala Peunteun 5 : organisasi eusi karangan geus sampurna pisan.
- Skala peunteun 4 : organisasi eusi karangan geus sampurna.
- Skala peunteun 3 : organisasi eusi karangan cukup sampurna.
- Skala peunteun 2 : organisasi eusi karangan kurang sampurna.
- Skala peunteun 1 : organisasi eusi karangan teu sampurna.

3) Tata Basa

- Skala Peunteun 5 : tata basa karangan geus sampurna pisan.
- Skala peunteun 4 : tata basa karangan geus sampurna.
- Skala peunteun 3 : tata basa karangan cukup sampurna.
- Skala peunteun 2 : tata basa karangan kurang sampurna.
- Skala peunteun 1 : tata basa karangan teu sampurna.

4) Gaya Basa

- Skala Peunteun 5 : gaya basa karangan geus sampurna pisan.
- Skala peunteun 4 : gaya basa karangan geus sampurna.

Ridwan Sidiq, 2017

KORÉLASI ANTARA KAMAMPUH MACA JEUNG KAMAMPUH NULIS PANGALAMAN PRIBADI SISWA KELAS VII SMP NEGERI 10 BANDUNG PIKEUN NGARONJATKEUN BUDAYA LITERASI SUNDA TAUN AJARAN 2016/2017

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Skala peunteun 3 : gaya basa karangan cukup sampurna.
 Skala peunteun 2 : gaya basa karangan kurang sampurna.
 Skala peunteun 1 : gaya basa karangan teu sampurna.

5) Éjahan

Skala Peunteun 5 : éjahan geus sampurna pisan.
 Skala peunteun 4 : éjahan geus sampurna.
 Skala peunteun 3 : éjahan cukup sampurna.
 Skala peunteun 2 : éjahan kurang sampurna.
 Skala peunteun 1 : éjahan teu sampurna.

Skala Rata-rata

1-1,9 = goréng

2-3,9 = sedeng

4-5 = alus

Skor anu kahontal ku siswa dirobah jadi skor ahir kalawan ngagunakeun

rumus:

$$P = \frac{\Sigma \text{ Bobot Siswa}}{\Sigma \text{ Bobot Maksimal}} \times 100$$

Keterangan

P = Peunteun

Σ Bobot Siswa = Jumlah bobot anu dimeunangkeun ku siswa

Σ Bobot Maksimal = Jumlah bobot maksimal

Pikeun nangtukeun standarisasi kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa, dina ieu panalungtikan ngagunakeun padika meunteun ngarang siswa, nya éta saperti ieu di handap.

Tabél 3.7
 KRITÉRIA PEUNTEUN NGARANG

Angka 100	Tapsiran
80-100	alus pisan
66-79	alus
56-65	cukup
40-55	handap
30-39	handap pisan

(Suharsimi Arikunto, 2007: 245)

3.5.3 Ngukur Korélasi Antara Kamampuh Maca jeung Kamampuh Nulis

Dina ngukur korélasi antara kamampuh maca jeung kamampuh nulis, data kudu di uji heula ngaliwatan uji sipat data.

3.5.3.1 Uji Sipat Data

Ridwan Sidiq, 2017

KORÉLASI ANTARA KAMAMPUH MACA JEUNG KAMAMPUH NULIS PANGALAMAN PRIBADI SISWA KELAS VII SMP NEGERI 10 BANDUNG PIKEUN NGARONJATKEUN BUDAYA LITERASI SUNDA TAUN AJARAN 2016/2017

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Uji sipat data mangrupa nguji sababaraha tahapan pikeun meunangkeun data, diantaranya (1) nguji normalitas distribusi frékuénsi data, (2) nangtukeun sasaran régrési, (3) ngukur kamampuh éféktip maca, (4) ngukur kamampuh nulis pangalaman pribadi, (5) nguji jeung ngitung signifikansi koéfisien korélasi, (6) ngitung koéfisien déterminasi, jeung (7) kritéria nguji hipotésis.

1. Nguji Normalitas Distribusi Frékuénsi Data

Nguji normalitas distribusi data téh pikeun nangtukeun normal atawa henteuna data anu gesu dikumpulkeun. Langkah-langkahna nya éta:

Éta instrumén panalungtikan geus dilaksanakeun ping 24 November 2016 di kelas VII I.

a) Nyusun data jadi distribusi frékuénsi anu ngawengku

- (1) ngaidéntifikasi ajén anu panggedéna jeung ajén anu pangleutikna
- (2) nangtukeun *range* (R) tina data anu aya, rumusna:

$$R = \text{skor pangluhurna} - \text{skor panghandapna}$$

(3) nangtukeun lobana kelas nu make rumus

$$k = 1 + (3,3) \times \log n$$

(4) nangtukeun panjang kelas make rumus:

$$I = \frac{R}{k}$$

(5) nangtukeun nilai tengah kelas interval ku jalan ngajumlahkeun batas kelas jeung batas bawah kelas

(6) nyusun distribusi frékuénsi dumasar kana legana kelas, jeung lobana kelas.

b) nangtukeun rata-rata (\bar{x}) unggal variabel panalungtikan kalawan ngagunakeun rumus:

$$\bar{x} = \frac{\sum f_i X_i}{\sum f_i}$$

c) nangtukeun Z (transformasi normal standar kelas)

$$Z = \frac{Bk_i - \bar{x}}{sd}$$

Ridwan Sidiq, 2017

KORÉLASI ANTARA KAMAMPUH MACA JEUNG KAMAMPUH NULIS PANGALAMAN PRIBADI SISWA KELAS VII SMP NEGERI 10 BANDUNG PIKEUN NGARONJATKEUN BUDAYA LITERASI SUNDA TAUN AJARAN 2016/2017

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

d) nangtukeun ajén (harga) standar déviiasi unggal variabel panalungtikan kalawan rumus:

$$S^2 = \sqrt{\frac{n \sum f_i x_i^2 - (\sum F_i X_i)^2}{n(n-1)}}$$

e) nangtukeun harga X^2 (*chi kuadrat*) hasil ngitung kalawan rumus:

$$X^2 = \frac{(f - E_i)^2}{E_i}$$

f) ngitung derajat kebébasan (db) kalawan ngagunakeun rumus:

$$db = k - 3$$

g) nangtukeun harga X^2 (*chi kuadrat*) tabél tina tabél distribusi data X^2 (*chi kuadrat*).

h) nangtukeun normalitas distribusi data kalawan katangtuan saperti ieu di handap:

(1) Lamun X^2 hasil ngitung $< X^2_{tabél}$, éta téh distribusina normal.

(2) Lamun X^2 hasil ngitung $> X^2_{tabél}$, éta téh distribusina teu normal.

2. Nangtukeun Sasaruuan Régrési

Pikeun meunangkeun sasaruuan régrési antara variabel anu aya dina panalungtikan, digunakeun rumus Sugiyono (2015, kc.267) saperti ieu di handap:

$$db = a + bx$$

Harga a jeung b bisa ditéang ngagunakeun rumus saperti ieu di handap:

$$a = \frac{(\sum X^2)(\sum Y) - (\sum Y)(\sum XY)}{n \sum X^2 - (\sum X)^2}$$

$$b = \frac{n\Sigma XY - (\Sigma x)(\Sigma y)}{n\Sigma X^2 - (\Sigma X)^2}$$

3. Nangtukeun Sasaruaan Koéfisién Korélasi

Pikeun mikanyaho merenah atawa henteuna angka korélasi anu dihasilkeun tina korélasi antara variabel-variabel dina panalungtikan, sakuduna perlu diuji jeung diitung signifikansi koéfisién korélasina. Léngkah-léngkahna pikeun nguji signifikansi koéfisién korélasi saperti ieu di handap.

- Nangtukeun harga ΣX , ΣY , ΣX^2 , ΣY^2 , jeung ΣXY .
- Ngitung gedena koéfisién determinasi variabel bébas kana variabel kauger.

Dina ieu panalungtikan nya éta variabel x (kamampuh éféktip maca) kana variabel y (kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa SMP Negeri 10 Bandung taun ajaran 2016-2017). Rumus anu digunakeun nya éta:

$$r_{xy} = \frac{\Sigma XY - \frac{(\Sigma X)(\Sigma Y)}{n}}{\sqrt{\left\{ \Sigma X^2 - \frac{(\Sigma X)^2}{n} \right\} \left\{ \Sigma Y^2 - \frac{(\Sigma Y)^2}{n} \right\}}}$$

- Nafsirkeun gedéna koéfisién kalawan ngagunakeun ukuran klasifikasi koélasi Sugiyono (2015, kc. 231), nya éta:

0,00 – 0,199	= korélasi rendah pisan
0,20 – 0,399	= korélasi rendah
0,40 – 0,599	= korélasi sedeng
0,60 – 0,799	= korélasi kuat
0,80 – 1,000	= korélasi sangat kuat.
- Nangtukeun harga r tabél product moment
- Nangtukeun signifikansi koéfisién korélasi kalawan katangtuan saperti ieu di handap:

- Lamun $r_{itung} \geq r_{tabel}$, éta harga r téh signifikan

b. Lamun $r_{itung} < r_{tabel}$, éta harga r téh teu signifikan

4. Ngitung Koéfisien Determinasi

Tujuan ngitung koéfisien determinasi nya éta pikeun mikanyaho gedéna kontribusi (sumbangan) variabel bébas kana variabel kauger dina panalungtikan.

Langkah-langkah pikeun ngitung koéfisien détérminasi nya éta saperti ieu di handap.

a) Ngitung heula koéfisien korélasi satuluyna dikali 100%, supaya leuwih jéntré, bisa katitén ku rumus saperti ieu di handap.

$$R = r^2 \times 100\%$$

b) Nangtukeun signifikansi koéfisien determinasi kalawan katangtuan saperti ieu di handap:

(1) Lamun $r^2_{itung} \geq r^2_{tabel}$, éta harga r^2 téh signifikan

(2) Lamun $r^2_{itung} < r^2_{tabel}$, éta harga r^2 téh teu signifikan

E. Kriteria Nguji Hipotésis

Nguji hipotésis kalawan ngagunakeun rumus nu diébréhkeun ku Sugiyono (2015, kc. 230), saperti ieu di handap.

$$t = r \sqrt{\frac{n-2}{1-r^2}}$$

Keterangan:

t = koéfisien signifikan

r = koéfisien korélasi.

Kriteria anu digunakeun pikeun nguji hipotésis atawa korélasi antara kamampuh éféktip maca (KÉM) jeung kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa SMP Negeri 10 Bandung nya éta H_0 ditarima lamun $t_{itung} > t_{tabel}$, sabalikna $t_{itung} < t_{tabel}$, hartina ditolak.

Ridwan Sidiq, 2017

KORÉLASI ANTARA KAMAMPUH MACA JEUNG KAMAMPUH NULIS PANGALAMAN PRIBADI SISWA KELAS VII SMP NEGERI 10 BANDUNG PIKEUN NGARONJATKEUN BUDAYA LITERASI SUNDA TAUN AJARAN 2016/2017

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu